



Pwosesis ak Aplikasyon pou Asistans Finansye

Ochsner Health ("Ochsner") angaje l pou l bay asistans finansye pou pasyan ki demontre yo gen yon bezwen finansye oswa difikilte finansye, ki te resevwa sèvis swen sante ki nesese medikalman nan men OHS. Sèvis ki nesese sou plan medikal yo se sèvis ki rezonab oswa nesese pou dyagnostik oswa tretman yon maladi oswa yon domaj. Doktè ki pral fè egzamen an pral detèmine bezwen medikal la. Aplikasyon sa a pa sèvi kòm yon garanti pou asistans finansye ni yon rediksyon nan dèt ki poko peye yo.

Aplikasyon an dwe gen ladan:

- Tout dokiman ki nesese pou ou menm ak ko-aplikan ou an si sa aplikab.
- Prèv Depandan pou nenpòt moun ki endike nan aplikasyon an.
- Aplikasyon pou Asistans Finansye Ochsner la Ranpli
- Prèv Rezidans Ozetazini

Tanpri mete tout dokiman aplikab ki endike anba a:

A. Prèv Revni (Tanpri gade seksyon dokiman akseptab la)

B. Kopi kat/enfòmasyon asirans sante

C. Prèv Rezidans (Tanpri bay 1 nan dokiman sa yo):

- a. Pèmi Chofè/Kat Idantifikasyon Etazini ki Valid
- b. Fakti Sèvis Piblik Aktyèl (montre non ak adrès aplikan an)
- c. Kontra Lwaye (montre non ak adrès aplikan an)
- d. Anrejistreman Elektè

D. Prèv Depandan (Tanpri gade seksyon dokiman akseptab la)

- a. Kopi deklarasyon taks (Fòmilè 1040) pou ane fiskal aktyèl la
- b. Dosye oswa relve de nòt lekòl yo
- c. Deklarasyon pwofesyonèl swen sante

Tanpri asire ou ranpli tout seksyon ki nan fòmilè a epi atache tout dokiman ki nesese yo pou nou ka fè plis rechèch sou kont ou a pou nenpòt asistans nou ka ba w. Yo pral fè tout efò ki rezonab pou trete aplikasyon w lan san pèdi tan, epi yon fwa yo fin revize aplikasyon w lan, w ap resevwa yon lèt ki konfime rezilta a. Si ou pa ranpli tout seksyon aplikasyon an nèt oswa si ou pa bay dokiman yo mande yo, sa ka retade yon desizyon final plis toujou.

Voye Aplikasyon Konplètman Ranpli a bay:

Ochsner Medical Center
Atansyon: Sèvis Finansye Pasyan
1514 Jefferson Hwy
Jefferson, LA 70121
Faks: (504)842-0322
Imèl: OchsnerFADocs@ochsner.org

Fòmilè Dokimantasyon Akseptab yo

Tip Revni	Dokimantasyon akseptab
Revni Travay	- Kopi deklarasyon taks endividyèl (Fòmilè 1040) pou ane fiskal aktyèl la (Si w ap deklare depandan w yo, ou dwe ranpli deklarasyon taks la) OSWA - Kopi twa dènnye fich peman youn apre lòt (pou aplikan an ak ko-aplikan an, si sa aplikab)
Travay Endepandan	Kopi deklarasyon taks endividyèl (Fòmilè 1040) pou ane fiskal aktyèl la
Sekirite Sosyal/ Retrèt	Kopi deklarasyon taks endividyèl (Fòmilè 1040) pou ane fiskal aktyèl la OSWA Kopi Lèt Alokasyon ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal la ki endike peman mansyèl la AK Kopi notifikasyon peman mansyèl la oswa lèt alokasyon Pansyon an.
Andikap	- Kopi deklarasyon taks endividyèl (Fòmilè 1040) pou ane fiskal aktyèl la OSWA - Kopi Lèt Alokasyon ki pou andikap ki endike peman andikap mansyèl la
Chomaj	- Kopi deklarasyon taks endividyèl (Fòmilè 1040, pou ane fiskal aktyèl la) OSWA - Kopi Lèt Alokasyon chomaj ki endike montan avantaj chak jou, chak semèn, oswa chak mwa - Si ou pa gen revni; yon lèt sipò ekri pa moun oswa moun k ap bay sipò finansye a (siyen epi date) OSWA - Lèt ki deklare ou p ap resevwa revni oswa sipò finansye nan okenn sous. (ki siyen epi ki gen dat)
Sipò pou Konjwen	- Kopi deklarasyon taks endividyèl (Fòm 1040) pou ane fiskal aktyèl la ki montre revni sa a. OSWA - Kopi lèt ofisyèl tribinal ki endike montan alokasyon chak mwa a
Pwopriyete Lokasyon / Lòt Revni sou Envestisman	- Kopi Fòmilè Orè 1 OSWA - Kopi deklarasyon taks endividyèl la (Fòmilè 1040 pou ane fiskal aktyèl la)
Lòt	Dokimantasyon akseptab
Prèv Depandan yo <i>(Tanpri mete non aplikan an sou dokiman sa yo)</i>	- Kopi deklarasyon taks endividyèl pou ane fiskal aktyèl la - Dosye Lekòl oswa relve de nòt - Deklarasyon pwofesyonèl swen sante oswa kopi kat asirans sante

Aplikasyon pou Asistans Finansye

DAT APLIKASYON AN: _____

Tanpri ranpli tout enfòmasyon yo nèt.

TANPRI SONJE

- Ou dwe ranpli tout seksyon ki aplike nan fòmilè sa a
- Aplikasyon an dwe siyen epi gen dat ladan.

1. ENFÒMASYON POU APLIKAN AN (GARAN)

Èta Sivil: ☐ Selibatè ☐ Marye ☐ Patnè Domestik ☐ Divòse ☐ Separe ☐ Vèf							
Non Fanmi		Prenon		Inisyal Dezyèm Prenon		Sitwayen Ameriken: ☐ Wi ☐ Non	
Dat Nesans		Kantite Depandan		Laj Depandan yo		Telefòn Kay ()	
Adrès Lari			Vil		Eta	Konte	Zip Kòd
Anplwayè Aktyèl la		Adrès Lari		Vil		Eta	Pozisyon
* Si ou p ap travay, depi konbyen tan ou nan chomaj?							

2. ENFÒMASYON SOU KO-APLIKAN AN

Relasyon avèk Pasyan an: ☐ Konjwen ☐ Paran <i>**Aplikab si moun sa a ap aplike tou pou Asistans Finansye**</i>							
Non Fanmi		Prenon		Inisyal Dezyèm Prenon		Sitwayen Ameriken: ☐ Wi ☐ Non	
Dat Nesans		Kantite Depandan		Laj Depandan yo		Telefòn Kay ()	
Adrès Lari			Vil		Eta	Konte	Zip Kòd
Anplwayè Aktyèl la		Adrès Lari		Vil		Eta	Pozisyon
* Si ou p ap travay, depi konbyen tan ou nan chomaj?							

3. ENFÒMASYON SOU FANMI AN (TANPRI BAY NON TOUT MOUN NOU DWE KONSIDERE POU ASISTANS FINANSYE A)

Non Fanmi		Prenon		Inisyal Dezyèm Prenon		Dat Nesans	
Non Fanmi		Prenon		Inisyal Dezyèm Prenon		Dat Nesans	

Non Fanmi	Prenon	Inisyal Dezyèm Prenon	Dat Nesans
Si pasyan an se yon minè, tanpri endike paran/gadyen (yo) kòm aplikan ak ko-aplikan.			

4. ENFÒMASYON SOU REVNI

Sous Revni Mansyèl	Aplikan	Ko-Aplikan	Revni Mansyèl Konbine (Aplikan + Ko-Aplikan)
Revni Travay	\$	\$	\$
Sekirite Sosyal	\$	\$	\$
Andikap	\$	\$	\$
Chomaj	\$	\$	\$
Sipò pou Konjwen	\$	\$	\$
Revni Lokasyon Pwopriyete	\$	\$	\$
Revni sou Envestisman	\$	\$	\$
Gen lòt ki itilize espas sa yo	\$	\$	\$
	\$	\$	\$
Revni Mansyèl Total Konbine			

5. Atestasyon

- Mwen satisfè kritè pwosesis evalyasyon Pwogram Asistans pou Frè Medikal Ochsner a ("MCAP") pou detèmine si mwen kalifye pou lòt resous (COBRA, Sekirite Sosyal, Medicaid, ak Viktim Krim).
- Mwen konprann toutotan mwen pa satisfè kritè pwosesis kalifikasyon MCAP a, oswa pwosesis aplikasyon ki aplikab la, mwen p ap kalifye pou asistans finansye.
- Mwen konprann tou balans ki depase 240 jou apati dat premye fakti apre egzeyate sòti lopital la pou yon epizòd swen p ap enkli nan demann sa a.
- Mwen bay tout dokiman yo mande nan paj 1 ak 2 nan aplikasyon sa a. Mwen sètifye tout enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a, ansanm ak tout dokiman sipò yo, se enfòmasyon ki egzat epi veridik selon tout sa mwen konnen ak tout kapasite m.

6. SIYATI

Mwen sètifye tout enfòmasyon yo valid epi konplè epi mwen otorize Ochsner Health pou mande ak/oswa verifye nenpòt nan enfòmasyon ki anwo a jan sa nesèsè.

Aplikan	Dat	Ko-Aplikan	Dat